



Commonwealth ki nan Massachusetts  
Biwo egzekitif Sante ak Resous imèn  
Depatman Sante piblik  
250 Washington Street, Boston, MA 02108-4619

KATHLEEN E. WALSH

Sekretè

ROBERT GOLDSTEIN, MD, PhD  
Komisyone

Telefòn: 617-624-6000  
www.mass.gov/dph

MAURA T. HEALEY  
Gouvènè

KIMBERLEY DRISCOLL  
Lyetnan Gouvènè

## Dwa Pasyan ak rezidan yo genyen

Biwo Sèvis Adiksyon nan Dwòg/Alkòl (Bureau of Substance  
Addiction Service, BSAS) Founisè yo pral  
garanti, pou pi piti, dwa ki annapre yo pou pasyan oswa rezidan an:

### Sekirite pèsònèl:

- absans **abi fizik ak sikolojik**;
- absans **fouy kòporèl ak fouy nan kavite kò yo**;
- **kontwol sou** aparans kòporèl; akondisyon, sepanndan, nan lokal pwogram la,
- pwogram la gendwa entèdi rad ak dekorasyon pèsònèl ki entèfere ak tretman;

### Dosye yo:

- **aksè nan** dosye pasyan oswa rezidan an an prezans de administratè a oswa
- moun li deziyen an, eksepte si gen yon desizyon (detèminasyon) kòmkw akse nan sèten pati nan dosye an ta domajab pou pasyan oswa rezidan an;
- dwa pou **konteste enfòmasyon** nan dosye pasyan pswa rezidan an lè yo entwodui yon
- deklarasyon klarifikasyon oswa yon lèt koreksyon ni klinisyen ak ni pasyan oswa rezidan an siyen;
- dwa pou **kenbe yon kopi** dosye pasyan oswa rezidan an
- dwa pou yo pwoteje **konfidansyalite** pasyan oswa rezidan an yon fason ki sekirize

### Tretman ak Konsantman:

- **dwa pou kanpe tretman an** nenpòt kilè, ekspete si yo te fòse yon moun swiv tretman dapre M.G.L. c. 123, § 35;
- absans **koèsyon (presyon)**;
- tretman an bay sou yon **baz non-diskriminatwa (san diskriminasyon)**;
- tretman an nan yon fason ki **sansib pou bezwen moun lan epi ki pwoteje diyite ak respè de tèt li**

### Chaj yo:

- **transparans konplè konsènan chak ki faktire a** epi, pou pwogram reyabilitasyon rezidansyèl yo, nenpòt avantaj pou pasyan oswa rezidan an ke yo pral peye;

### Doleyans:

- **dwa pou konteste aksyon** oswa desizyon Founisè ki gen Lisans oswa ki Apwouve a konsènan tretman pasyan oswa rezidan an;
- **dwa pou kontakte** Depatman an, ki gen ladann Nimewo pou Plent BSAS la 617-624-5171

### Kwayans ak Espirityalite pèsònèl:

- libète pou pratike **yon kwayans relijyèz**;
- dwa pou **mande yon referans** opre yon etablisman ki bay tretman yon fason ke pasyan oswa rezidan an pa gen objeksyon relijyèz kont li;

### Depistaj pou alkòl ak dwòg:

- depistaj **pou dwòg** yo dwe fèt yon **fason ki pwoteje diyite pasyan oswa rezidan an** epi, lè depistaj pou dwòg la fèt pa mwayen yon echantyon pipi, teni kont de nenpòt enkapasite ki konfime medikalman pou bay pipi a, kote yo pwopoze yon lòt metòd efikas pou depistaj, tankou yon echantyon kracha (oral swab)

### Anti-Diskriminasyon

- Ou gen dwa pou resevwa sèvis, kèlkeswa lang natifnatal ou, bakgrawn kiltirèl ou, ras ou oswa etnisite w
- Pwogram la ta dwe mete sèvis tradiksyon nan bouch (entèpretasyon) a dispozisyon ou gratis

### Pledwaye jiridik:

- Ou gen dwa pou jwenn yon avoka pou reprezante w epi pou ou kominike ak avoka w pandan w ap resevwa tretman

Règlemantasyon BSAS Anliy (sou Entènèt):



Dwa Pasyan ak Rezidan yo genyen BSAS Mizajou  
04/2023